

ENJONKSYON POU PWOTEKSYON: **GRANMOUN VILNERAB**



Kiyès ki yon Granmoun Vilnerab?

- Yon granmoun ki genyen anpèchman nan kapasite li pou:
 - Fè travay nòmal lavi chak jou
 - Pran swen ak pwoteje tèt li
- Anpèchman rive akoz nenpòt nan rezon ki annapre yo: andikap (mantal, emosyonèl, sansoryèl, lontèm fizik oswa devlòpman), domaj sèvo, oswa enfimite vyeyès

*Daprè seksyon 415.102(28), Estati Florid

Kisa ki reprezante eksplwatasyon?

- Mete men sou lajan oswa pwopriyete granmoun vilnerab la
- Mete men sou lajan oswa pwopriyete granmoun vilnerab la ki genyen kapasite li redui
- Vyolasyon yon devwa fidisyè granmoun vilnerab la
- Move itilizasyon kont bankè
- Mank pou bay premye nesesite yo

*Daprè seksyon 825.103(1), Estati Florid

Kiyès ki ka depoze yon petisyon?

- Yon granmoun vilnerab ki prèske sibi eksplwatasyon
- Gadyen yon granmoun vilnerab ki prèske sibi eksplwatasyon
- Yon moun oswa yon òganizasyon k ap aji ak kontantman yon granmoun vilnerab, oswa gadyen li
- Yon moun ki an menm tan ranpli yon petisyon pou detèminasyon enkapasite ak nominasyon an ijans tanporè yon gadyen pou yon granmoun vilnerab

Depoze yon petisyon:

- Si fonksyon gadyen an, an atant, yo dwe ranpli petisyon an nan ka sa a; sinon, yo dwe ranpli li nan sikwi kote granmoun vilnerab la rete a.

Konsekans lè w Bay Fo Enfòmasyon nan Tribunal la

Yon moun k ap fè fo deklarasyon nan yon petisyon pou yon enjonksyon kont eksplwatasyon granmoun vilnerab riske sanksyon kriminèl ak pwosè fo temwayaj daprè seksyon 837.02, Estati Florid.

Enfòmasyon Kontak: Orange County Courthouse

425 N. Orange Ave., Suite 320 & 335

Orlando, FL 32801


(407) 836-2000

www.MyOrangeClerk.com

Ling Ijans Abi Florid:

1-800-96ABUSE (1-800-962-2873)

TTY: 1-800-955-8771



FLORIDA
**COURT CLERKS &
COMPTROLLERS**

www.flclerks.com